

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa mangrupa mahluk sosial anu salawasna aya dina proses interaksi atawa campur gaul hirup di lingkungan masarakat ngaliwatan prosés komunikasi. Proses komunikasi digunakeun pikeun nepikeun rasa, pikiran, jeung kahayang ti panyatur ka pamiarsa maké medium verbal jeung non verbal. Medium verbal ngaliwatan basa lisan jeung basa tulis, ari medium nonverbal make isyarat. Wacana mangrupa wujudiah komunikasi verbal. Wacana lisan mangrupa produk komunikasi lisan nu patalina panyatur jeung paregep, ari wacana tinulis mangrupa produk komunikasi nu patalina panulis jeung pamaca (Sudaryat, 2008, kc. 106).

Dina ieu hal, média ogé miboga peran anu kawilang penting dina prosés kahirupan masarakat kiwari. Ngaliwatan média, sakabéh informasi bisa kacangking kalayan éféktif jeung éfisién. Média pikeun nepikeun informasi téh salasahijina bisa dina wangun tulisan, misalna dina téks anu ilaharna eusina ngabahas ngeunaan pulitik jeung kakawasaan.

Dina analisis wacana anu patali jeung ulikan atawa makéna basa téh disawang kana tilu sawangan, aya sawangan positivisme–émpiris, sawangan konstruktivisme jeung sawangan kritis. Ku nyangkem perspektif kritis, analisis wacana kategori sawangan kritis téh disebut analisis wacana kritis anu dipaké pikeun ngabongkar kawasa anu aya dina tiap proses basa; wangenan anu dimeunangkeun jadi wacana, perspektif anu kudu dipaké, jeung topik naon anu dicaritakeun (Sudaryat, 2020, kc.71).

Basa nu dianalisis dina wacana kritis lain saukur ngagambarkeun aspék basa hungkul tapi dipatalikeun kana kontéks. Kontéks nu dimaksud nyaéta basa dipaké pikeun tujuan jeung prakték anu tangtu, kaasup di jerona prakték kakawasaan. Kakawasaan patali jeung wacana penting pikeun ningali naon anu disebut kontrol. Kontrol didieu miboga harti pikeun

ngontrol jalma atawa kelompok séjén ku wacana anu ilaharna mah kakawasaan téh leuwih miboga aksés pikeun ngabandingkeun jeung kelompok séjén anu henteu dominan. Sikep jeung idéologi téh ilaharna ngan dipiboga ku kelompok sosial pulitik nu tangtu, ku sabab kitu perlu ayana kategasan husus tina wacana arguméntatif jeung pérsuasif séjénna nalika ditingalikeun ka kelompok séjénna saperti nu biasana aya dina warta (Dijk, 2014, kc. 92).

Idéologi pangarang anu diébréhkeun dina wangun wacana can tangtu bisa kacangkem ku nu macana, sabab dina ngedalkeun pamanggihna loba pangarang anu nyamunikeun maksud nu sabenerna, komo lamun anu patali jeung idéologi pulitik. Ieu hal biasana disababkeun ku lantaran pangarang niténan kaayaan sosial nu aya di sabudeureun masarakat (Maulana, 2014).

Teun Van Dijk nétélakeun wacana henteu ngan saukur didadasaran ku analisis téks hungkul, tapi kudu ditingali ogé kumaha éta téks diproduksi. Proses produksi éta numutkeun Teun Van Dijk patali jeung kognisi sosial. Ku sabab kitu, model ieu sok disebut kognisi sosial (Eriyanto dina Malini, 2016, kc. 16).

Raraga analisis wacana kritis nyoko kana tilu aspék, nyaéta téks linguistik kritis, kognisi sosial ku wawancara jero, sosial ulikan pustaka, jeung salusur sajarah. Dina nganalisis téks wacana dilaksanakeun ku tilu struktur nyaéta 1) Struktur mikro, medar bagéan strategi linguistik nu dipaké dina wacana, 2) struktur makro, medar téma nu dikahareupkeun dina teks wacana, jeung 3) superstruktur, medar bagéan sistematika wacana nepika jadi utuh.

Anapon anu nalungtik wacana kritis objékna kana wacana Sunda mah kawilang saeutik. Di antarana waé aya “Analisis Wacana Kritis kana Rubrik Kolom dina Majalah *Manglé* Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA” (Yelliza Fajriah Rahayu, 2017) anu hasilna nétélakeun tujuh téhnik inklusi katitén wacana anu dipidangkeun sipatna mangrupa kritik ka pamaréntah, kritik ka pihak-pihak anu dianggap teu mihak ka rahayat, jsb ogé bisa dijadikeun bahan ajar maca artikel di SMA. Salian ti éta aya ogé

panalungtikan “Adegan Wacana Rubrik Balé Bandung dina Majalah *Manglé* (Analisis Wacana Kritis Modél Teun A. van Dijk) (Irpan Maulana, 2014) anu hasilna nétélakeun yén téma dina rubrik Balé Bandung mangrupa kritik sosial ka pamaréntah, galurna ngaguluyur tur gampang dipikaharti ku pamaca. Aya ogé panalungtikan séjénna dina basa Indonésia nyaéta “Analisis Wacana Kritis Modél Teun A Van Dijk dalam Pemberitaan Sepak Bola Media Daring serta Pemanfaatannya sebagai Bahan Ajar Teks Berita SMP” (Fuji Kania Fauziah, 2022), “Kajian Wacana Kritis Pemberitaan tentang Penyandang Disabilitas di Media Daring serta Pemanfaatannya sebagai Bahan Ajar Teks Berita di SMP Kelas VIII” (Endang Nur'aeni Farida Kusumah, 2022), jeung “Analisis Struktur Wacana Teun A. Van Dijk pada Pemberitaan *Bu Dendy di Media Tribunnews.com*” (Ai Masitoh, 2019) anu sarua nalungtik ngeunaan wacana kritis.

Ieu panalungtikan raket patalina jeung panalungtikan saméméhna nyaéta nalungtik analisis wacana kritis maké tiori Teun Van Dijk. Sok sanajan kitu, aya bédana. Ieu panalungtikan medar ngeunaan analisis wacana kritis anu aya dina rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé* édisi Januari 2023. Dumasar kana sababaraha tinimbangan di luhur, panalungtikan anu judulna “Analisis Wacana Kritis Rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé* (Tilikan Struktur Tékstual)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha struktur mikro anu aya dina rubrik “Béja Ti Nagara” Majalah *Manglé*?
- b. Kumaha struktur makro anu aya dina rubrik “Béja Ti Nagara” Majalah *Manglé*?
- c. Kumaha superstruktur anu aya dina rubrik “Béja Ti Nagara” Majalah *Manglé*?

Fatiya Nurul Fauzia, 2023

ANALISIS WACANA KRITIS KANA RUBRIK “BÉJA TI NAGARA” DINA MAJALAH MANGLÉ (Tilikan Struktur Tékstual)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3 Tujuan Panalungtikan

Anapon tujuan anu rék dihontal aya dina dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun medar jeung ngadéskripsikeun analisis wacana kritis tina jihat struktur tékstual kana rubrik “Béja Ti Nagara” dina Majalah *Manglé*.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. struktur mikro anu kapanggih dina rubrik “Béja Ti Nagara” Majalah *Manglé*,
- b. struktur makro anu kapanggih dina rubrik “Béja Ti Nagara” Majalah *Manglé*, jeung
- c. superstruktur anu kapanggih dina rubrik “Béja Ti Nagara” Majalah *Manglé*.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun référénsi anu bisa mekarkeun élmu pangaweruh dina widang wacana. Utamina ngeunaan analisis wacana kritis dina struktur mikro, struktur makro, jeung superstruktur.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan, dipiharep miboga mangpaat.

- a. Pikeun panalungtik kahareupna, dipiharep sangkan bisa jadi référénsi anu bisa dimekarkeun jadi élmu pangaweruh sarta salaku bahan atawa sumber acuan dina panalungtikanana anu aya patalina jeung wacana kritis.

- b. Pikeun nu maca, dipiharep sangkan pamaca bisa mikanyaho ngeunaan struktur analisis wacana kritis anu aya dina rubrik “Béja Ti Nagara” Majalah *Manglé*.
- c. Pikeun guru jeung dosén, pikeun nambahan réferénsi kanggo panalungtikan atawa pikeun réferénsi bahan ajar, jeung
- d. Pikeun mahasiswa jeung siswa, bisa dipaké pikeun réferénsi, nambahan pangaweruh sarta pikeun maluruh kabasaan dina wacana kritis.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina ieu tulisan ngawengku lima bab saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi dua; mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, dina ieu bab dipedar ngeunaan tiori nu patali jeung wacana, analisis wacana kritis kaasup analisis wacana kritis model Teun A. van Dijk. Lian ti éta aya ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan medar ngeunaan desain panalungtikan jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, anu medar ngeunaan hasil panalungtikan dumasar kana hasil analisis data anu dilakukeun.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.